

ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN  
**ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN**  
**KIRUN LAN SANDIRANA**

JURNAL



**UNESA**  
**Universitas Negeri Surabaya**

DENING:

ARDIAN KURNIANTO

082114242

**JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAN SASTRA DAERAH**  
**FAKULTAS BAHASA DAN SENI**  
**UNIVERSITAS NEGERI SURABAYA**  
**2013**

**ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN**  
**ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN KIRUN LAN**  
**SANDIRANA**

**ARDIAN KURNIANTO**  
**NIM: 082114242**

**ABSTRAK**

Bab kang njalari nliti aspek pragmatike basa dagelan Kirun lan Sandirana miturut pamawas panliti yaiku, Sepisan durung nate ditliti dening panliti liya panliten ngenani objek lan pragmatike kang padha. Kapindho narik kawigaten panliti. Narik kawigatene amarga panliti saliyane aktif dadi mahasiswa uga dadi pelawak kang kerep ngisi acara-acara ing jurusan mligine. Dadine bisa kango conto anggone mraktekake basa lawakan lan ilmu pragmatike. Prekara kang ditliti yaiku aspek pragmatik wujud maksim kerjasama apa wae sing dimanfaatake ing dagelan Kirun lan Sandirana? lan aspek pragmatik wujud maksim kesopanan apa wae sing kagunakake ing dagelan Kirun lan Sandirana? Tujuwan panliten iki yaiku pengin mangerten aspek pragmatik wujud maksim kerjasama sing dimanfaatake ing dagelan Kirun lan Sandirana lan aspek pragmatik wujud maksim kesopanan sing kagunakake ing dagelan Kirun lan Sandirana.

Panliten sing gegayutan karo humor wus ditindakake dening panliti-panliti sadurunge. Saengga panliten sing magepokan karo panliten iki didadekake acuan supaya panliten iki bisa luwih apik saka panliten sadurunge. Panliten kasebut ingantarane yaiku Subandiati (1996:21-118) kanthi irah-irahan "Aspek Linguistik dan Sosiokultural Humor Kartun dalam Media Massa Berbahasa Jawa" sing ngrembug panyimpangan makna aspek linguistik lan sosiokultural ing kalawarti sing nggunakake basa Jawa sarta faktor budaya sing ana ing Indonesia. Asil andharane yaiku aspek-aspek *kebahasaan*. Kalebu aspek ortografis, fonologis, ketaksaan ukara, ketaksaan gramatiskal, gaya bahasa, lan aspek-aspek sosiokultural. Panliten iki uga ngandharake basa lan sejarah tembung, latar kabudayan, kaanan, tingkat usia, tingkat pandhidhikan lan profesi, sejene kuwi faktor budaya ing Indonesia nyengkuyung pangriptane humor kasebut.

Teori kang kagunakake kango ngandharake dhata pelawak Kirun lan Sandirana yaiku maksim kerjasama Grace ngenani maksim kualitas, kuantitas, relevansi, sarta cara/pelaksanaan lan maksim kesopanan Leech ngenani maksim kesopanan kang nyakup maksim kawicaksanan/kebijaksanaan, penerimaan, kemurahan, kerendahan ati, kecocogan, sarta maksim kesimpatan.

Kanggo ngudhari prekara ing panliten iki digunakake metodhe lan teknik miturut tahapane panliten. Kawiwitan metodhe dhasar kang nyakup metodhe pangumpulan dhata, nganalisis dhata, lan nyajekake asile analisis dhata (kabandhingake Sudaryanto, 1993:5-7). Dhata ing panliten iki asale saka dhata lisan awujud tuturan pelawak Kirun lan Sandirana. Sawuse dhata kaanggep cukup lan dimungkinake dianalisis, mulabanjur dianalisis kanggo nemokake kaidahe basa kang ana. Kanggo mbabar dhata kang didelok saka aspek pragmatik ing panliten iki digunakake metode pragmatik ngenani prinsip kerjasama lan prinsip kesopanan kang disimpangake kango nggayuh aspek lucune.

Saka andharan ing dhuwur bisa kadudut: *Sepisan*, aspek pragmatik kang kagunakake ing dagelan Kirun lan Sandirana yaiku maksim kerjasama ing antarane yaiku maksim kerja sama kualitas, kuantitas, relevansi, lan maksim cara/pelaksanaan. Kapindho, aspek pragmatik liyane kang kagunakake ing dagelan Kirun lan Sandirana uga yaiku maksim kesopanan ing antarane yaiku maksim kawicaksanan /kebijaksanaan, penerimaan, kemurahan, kerendahan ati, kecocogan, lan maksim kesimpatan.Para pelawak mligine Kirun lan Sandirana rata-rata padha nggayuh bab kang lucu lan bisa gawe wong liya ngguyu kanthi cara nyimpangake kalarone maksim mau. Kadhang uga kanthi solah bawane lan kinesike kalarone pelawak wis bisa gawe ngguyu wong liya.

**Abstrak**

Bab yang menjadi perhatian peneliti untuk meneliti aspek pragmatiknya bahasa lawak Kirun dan Sandirana yaitu, pertama belum pernah diteliti oleh peneliti lain yang meneliti objek dan pragmatik yang sama. Kedua, menarik perhatian peneliti. Menarik perhatian karena selain peneliti aktif menjadi mahasiswa, juga sebagai pelawak yang sering mengisi acara-acara khususnya di jurusan. Jadi bahasa lawakan dan ilmu pragmatiknya bisa menjadi contoh dan dipraktekkan. Masalah yang diteliti yaitu aspek pragmatik wujud maksim kerjasama apa saja yang digunakan pada dagelan Kirun dan Sandirana? Dan aspek pragmatik wujud maksim kesopanan apa saja yang digunakan pada dagelan Kirun dan Sandirana? Tujuan penelitian ini adalah mengungkapkan aspek

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

pragmatik wujud maksim kerja sama yang dimanfaatkan dalam dagelan Kirun dan Sandirana dan aspek pragmatik maksim kesopanan yang digunakan pada dagelan Kirun dan Sandirana.

Penelitian tentang humor sudah dilakukan oleh peneliti-peneliti sebelumnya. Sehingga penelitian mengenai penelitian yang sesuai dengan inidijadikan acuan, supaya penelitian ini lebih baik dari penelitian yang sebelumnya. Penelitian itu diantaranya adalah Subandiati (1996:21-118) dengan judul "Aspek Linguistik dan Sosiokultural Humor Kartun dalam Media Massa Berbahasa Jawa" yang membahas penyimpangan makna aspek linguistik dan sosiokultural pada majalah yang menggunakan bahasa Jawa serta faktor budaya yang ada di Indonesia. Hasil penjelasan yaitu aspek-aspek kebahasaan. Termasuk aspek ortografis, fonologis, ketaksaan kalimat, ketaksaan gramatis, gaya bahasa, dan aspek-aspek sosiokultural. Penelitian ini juga menjelaskan bahasa dan sejarah kata, latar kebudayaan, keadaan, tingkat usia, tingkat pendidikan, dan profesi, selain itu, faktor budaya di Indonesia mendukung pencipta humor tersebut.

Teori yang digunakan untuk menjelaskan data pelawak Kirun dan Sandirana yaitu maksim kerjasama Grace mengenai maksim kualitas, kuantitas, relevansi, serta cara/pelaksanaan dan maksim kesopanan Leech mengenai maksim kesopanan yang mencakup maksim kebijaksanaan, penerimaan, kemurahan, kerendahan hati, kecocokan, serta maksim kesempatan.

Untuk memecahkan masalah pada penelitian ini digunakan metode dan teknik menurut tahapan penelitian. Dimulai metode dasar yang mencakup metode pengumpulan data, analisis data, dan penyajian hasil analisis data (dibandingkan Sudaryanto, 1993:5-7). Data pada penelitian ini berasal dari data lisan yang berupa tuturan pelawak Kirun dan Sandirana. Setelah itu data dianggap cukup dan memungkinkannya dianalisis, maka langsung dianalisis untuk menemukan kaidah bahasa yang ada. Untuk menjelaskan data yang dilihat dari aspek pragmatik pada penelitian ini menggunakan metode pragmatik mengenai prinsip kerjasama dan prinsip kesopanan yang disimpangkan untuk mendapat aspek kelucuannya.

Dari penjelasan diatas bisa disimpulkan: pertama, aspek pragmatik yang digunakan dalam lawakan Kirun dan Sandirana yaitu maksim kerjasama diantaranya yaitu maksim kerja sama kualitas, kuantitas, relevansi, dan maksim cara/pelaksanaan. Kedua, aspek pragmatik lain yang digunakan dalam lawakan Kirun dan Sandirana yaitu maksim kesopanan diantaranya maksim kebijaksanaan, penerimaan, kemurahan, kerendahan hati, kecocokan, dan maksim kesempatan. Para pelawak khususnya Kirun dan Sandirana rata-rata untuk membuat lucu atau membuat orang tertawa dengan menggunakan cara penyimpangan kedua maksim tersebut. Terkadang juga menggunakan gerak tubuh dan kinesik kedua pelawak juga sudah bisa membuat orang lain tertawa.

### PURWAKA

Ora mokal maneh yen ing sawenehe cecaturan mesthi prelu basa. Semono uga seni kethoprak mligine mesthi nggunakake basa. Kesenian kethoprak ana perangane dagelan. Dagelan iki lumrahe mesthi lucu. Lucune dagelan kethoprak bisa kandharake miturut basane mligine kajlentrehake saka aspek pragmatike. Basa kethoprak mligine dagelane beda karo basa ludrug lan kesenian liyane. Basa Kethoprak dagelan Kirun lan Sandirana kuwi beda lan seja karo basa dagelanle pelawak liya, mula panulis pingin mangerten apa bae bedane menawa kaandharake saka aspek pragmatike. Bab sing kaya mengkene wus mesthi narik kawigaten. Sejene kuwi durung ana pamarsudi basa kang medhar bab basa dagelan saka aspek pragmatike iki.

Laras karo sing diandharake dening Frester sajrone Ibrahim (1995:300) yen tindak turut kaperang dadi loro, yaiku vernakuler lan tindak turut seremonial. Tindak turut

seremonial yaiku tindak turut sing duwe aturan-aturan sajrone panuturane. Tindak turut sing kagolong tindak turut seremonial yaiku pranatacara (pranata adicara) sajrone resepsi nikahan, tanggap wacana lan, liya-liyane. Yen tindak turut vernakuler sing bisa ditindakake dening saben anggota bebrayan sajrone interaksi normal saben dinane. Objek panliten iki yaiku "Basa Kethoprak dagelan Kirun lan Sandirana" kagolong tindak turut vernakuler, sebab ora nduweni aturan sing baku, malahan meh padha karo tindak turut sing ditindakake saben dina.

Panliten iki wigatine ngandharake tuturane/wacana. Kaya sing diandharake Stubbs (1983:1), analisis wacana yaiku sawijining kajian sing naliti lan nganalisis basa sing digunakake sacara alamiah, sing katulis ing buku utawa lisan. Analisis wacana luwih wigati ing kajian panganggone basa sajrone konteks sosial, mligine sajrone interaksi antarpanutur.

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

Basa humor/lawak ing Kethoprak dagelan Kirun lan Sandirana sing dadi bahan kajian sajrone panliten iki, nduweni *kecenderungan* minangka wacana hiburan amarga tuturane iki disajikake kanggo nglelipur para pandhemen kethoprak supaya bisa ngguyu ngakak utawa mung mesem sawise ngrungokake utawa ndelok kethoprak mau.

Dagelan Kirun lan Sandirana yen dideleng saka basane kagolongake nggunakake ragam basa santai lan ragam akrab. Amarga ing dagelan iki pancen disajikake minangka wacana *ringan* kanthi ancas kanggo nglipur. Saliyane kuwi amarga akeh banget makna-makna ambigu ing wacana kasebut ndadekake aspek basane akeh ragame. Mula saka kuwi, panliti duwe kawigaten kanggo nliti basa dagelan iki saka aspek pragmatike kanthi irah-irahan Aspek Pragmatik Basa Kethoprak Dagelan Kirun lan Sandirana.

Adhedhasar jlentrehan ing dhuwur, punjere panliten iki bakal ngrembug kepriye Aspek pragmatik wujud maksim kerja sama lan kasopanan sing kagunakake ing dagelan Kirun lan Sandirana. Dene tujuwan saka panliten iki yaiku kaperang dadi loro. Sepisantujuwan umum kanggo ndheskripsekake wacana/tuturan saka aspek pragmatike. Dene tujuwan khususe ngandharake aspek pragmatikwujudmaksim kerjasama lan maksim kesopanan kang digunakake ingdagelan Kirun lan Sandirana.

Paedah saka panliten iki bisa migunani kanggo menehi sumbangan pamikir sajerone *ilmu pengetahuan* mligine ing bidang linguistik babagan Analisis Wacana lan Pragmatik sarta bisa aweh gambaran kanthi gamblang babagan pangrembakan *ilmu pengetahuan* kayata ing mata kuliah *kebahasaan* kaya aspek bahasa lan saka segi Pragmatike. Lan uga dikarepake panliten iki bisa diterusake maneh ing panliten sing luwih wigati.

Sajrone panliten iki ana wates-watese prekara kang kudu ditrapake panliti, amrih dhata panliten iki ora nggrambyang lan bisa dititiki kanthi cetha. Wates-watese yaiku kaping pisan maksim kerja sama lan kaping pindho maksim kesopanan dagelan Kirun lan Sandirana.

## TATA CARA PANLITEN

Kango nyedhaki panliten/*pendekatan penelitian* sajroning panliten iki ana loro, yaiku pendekatan teoritis lan pendekatan metodhologis. Pendekatan teoritis ing panliten iki nggunakake teori pragmatik. Pendekatan pragmatik yaiku pendekatan sing njlentrehake ngenani makna basa sajroning tumindak utawa situasi-situasi tartamtu.

Pendekatan kaping loro yaiku pendekatan metodologis sing diperang maneh dadi loro yaiku pendekatan kualitatif lan pendekatan deskriptif. Pendekatan kualitatif yaiku pendekatan sing cedhak karo dhata ora arupa itung-itungan utawa angka, nanging arupa tembung-tembung lan nggunakake basa sing sipate *empiris* ora kaya matematika lan filsafat sing sipate *hakiki*. (Sudaryanto, 1995:14)

Pendekatan deskriptif yaiku pendekatan sing nduweni sipat njlentrehake dhata kanthi gamblang. Tujuwane panulis gawe pendekatan loro, supaya bisa aweh andharan kanthi gamblang ngenani masalah sing dirumusake ana dhuwur.

Dhata panliten iki kajupuk saka apa bae kang diucapake dening pelawak Kirun lan Sandirana, banjur ditulis utawa ditranskripsi iki kalebu dhata *primer* lan ana dhata *sekunder* sing dijupuk saka buku, kamus, jurnal, makalah, karya ilmiah, lan sapanunggale sing gegayutan karo punjering panliten sing ana ing bab sadurunge.

Instrumen sajroning panliten iki nduweni fungsi kang wigati banget. Instrumen minangka piranti kanggo njupuk dhata panliten. Arikunto (2002:126) njlentrehake instrumen minangka pirantining panliten supaya metode metode kang dijupuk bisa gumathuk. Mula saka iku, ing panliten panliti nggawe rong instrumen, yaiku instrumen panliten kang baku lan instrument panliten kang dadi panyengkuyung. Instrumen panliten kang baku yaiku panliti. Dene instrumen panyengkuyunge yaiku teknik kang digunakake sawektu nganakake pamiji-miji. Sacara mirunggan ing kene nggunakake teknik nyemak-nyathet saka media audio visual.

Tata Cara kang dienggo kanggo ngumpulake dhata kanggo panliten yaiku nggunakake metode simak lan metode cakap (Sudaryanto, 1986:62 lan 1988:9). Metode simak yaiku nyemak sakabehing basa kang

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

digunakake dening wong kang guneman. Metode cakap yaiku *wawancara* antarane panliti karo nara sumber.

Metode simak dilaksanakake kanthi teknik *simak bebas libat cakap*, sarta *catat*. Teknik simak bebas libat cakap yaiku nyemak tanpa melu ing cecaturan. Metode iki nduwensi teknik dasar sadap, kang tegese kanggo ngolehke dhata, panliti kudu *nyadap* basane wong iku utawa wong-wong kang dadi informan (Kirun Sandirana). Dadi ing kene bisa kadudut yenta basa kang kasadap iku bisa basa lisan uga bisa basa tulis.

Teknik cathet ing panliten iki ditulis ing kartu dhata sabanjure kabentuk *klasifikasi*. Yen panliti ora bisa nyathet, panliti bisa nganggo teknik rekam. Teknik rekam minangka alat kanggo nglumpukake dhata kanthi cara ngrekam. Ing proses rekam iki, *handphone*, *MP4*, *CD*, lan alat-alat perekam liyane nduwensi *peran* kang penting kanggo nyimpen dhata panliten.

Tata cara ngandharake dhata ing panliten iki ngliwati proses kanthi cara kang beda-beda saben tingkatane utawa tahape. Ing tahap sepisanan iki kang kudu dilakoni yaiku, (1) *konsultasi*, minangka pengajuan lan penetapan irah-irahane panliten marang dosen pembimbing, (2) gawe *proposal* kanggo menehi gegambaran ngenani *obyek* kang bakal ditiliti, klebu bab I, bab II, lan bab III kang sabanjure di ajukake marang dosen pembimbing kanggo panduan panliten sateruse.

Ing tahap pelaksanaan iki kang dilakoni yaiku, (1) nglumpukake dhata, kanthi cara golek dhata saka maneka werna sumber kang didadekake dhasar panliten, (2) *analisis* dhata, yaiku ngolah lan nganalisis dhata kang wis dikumpulake lan disusun miturut permasalahan kang bakal direbug, (3) penafsiran asiling *analisis*, babagan iki dilakoni kanggo nggoleki wangsulan tumrap masalah panliten kang trep karo tujuwan kang dikarepake

Tahap kang pungkasan saka panliten iki yaiku mungkasi panliten, kanthi cara, (1) nyusun asiling *analisis* kang wis direvisi dening dosen pembimbing, (2) Nggandhakake skipsi kanggo ujian, (3) Skripsi siap diuji dening dosen kang nduwensi wewenang.

Dene tata cara nyajekake asiling panliten yaiku asile andharan panliten iki yaiku arupa tuturan-tuturan kang lucu kang

sinebabake sarana nyimpangake maksim kerjasama lan maksim kesopanan. Asile andharan dhata iku disajekake kanthi metodhe informal yaiku kanthi uraian nggunakake tetembungan kang lumrah.

Kango luwih cethane, ing ngisor iki bakal dijilentrehake kanthi bagan, ngenani konsep tata carane panliten.

### Rancangan lan Sipate Panliten

### Dhata lan Sumber Dhata

### Instrumen

### Tata Cara Nglumpukake Dhata

### Tata Cara Ngandharake Dhata

### Tata Cara Nyajekake Asile Panliten

## LANDHESAN TEORI

Ing komunikasi sing salumrahe, bisa diarani yen panutur *mengartikulasikan* pacelathon utawa ujaran kanthi maksud ngomunikasikake *sesuatu* marang lawan pacelathon utawa lawan tuture, lan duwe karep lawan pacelathon utawa lawan tuture bisa mangerten hal utawa apa sing diomongake kuwi. Kanggo babagan iki, pamicara utawa panutur mesthi ngupaya supaya omongane utawa tuturane mesthi runtut lan relevansi karo konteke, gamblang, ringkes, kepenak ditampa lan dingerten, lan trep karo prekara sing diomongake utawa dituturake. Pungkase, bisa didudut yen saben peserta turut utawa antara pamicara lan lawan micarane kuwi kudu duwe sawijine prinsip *kerjasama* supaya proses komunikasi bisa lumaku kanthi lancar.

Grice ngandharake yen sajrone nindakake prinsip *kerjasama* ing dhuwur, saben panutur kudu ngenut 4 (patang) maksim percakapan, yaiku maksim kuantitas (*maxim of quantity*), maksim kualitas (*maxim of quality*), maksim relevansi (*maxim of relevance*), lan maksim cara (*maxim of manner*) (Grice, 1975:

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

45-47; Parker, 1986:202; Speber & Wilson, 1989:33-34; Ian Wijana, 1994:5).

Saliyane patang maksim ing dhuwur, *hubungan* antarpeserta turut uga kasusun saka maneka maksim kesopanan. Ing gegayutane iki saben peserta turut kudu manut sawernane maksim, ing antarane maksim kebijaksanaan (*tact maxim*), maksim kemurahan (*generosity maxim*), maksim penerimaan (*approbation maxim*), maksim kerendahan hati (*modesty maxim*), maksim kecocogan (*agreement maxim*), lan maksim kesimpatan (*sympathy maxim*). Sabanjure kuwi ing tuturan utawa cecaturan secara sopan uga nuntut prasyarat dipertimbangake 3 (telung) parameter pragmatik, yakni parameter pragmatik arupa jarak sosial (*distance rating*), status sosial (*power rating*), lan kalungguhan relatif tindak ucapan (*rank rating*) (Wijana, 1994:5).

Wacana humor beda banget karo wacana non-humor. Semono uga wacana dagelan ing kethoprak wis mesthi nduweni pambeda dhasar karo wacana-wacana kethoprak liyane. Yen wacana non-humor diasilake liwat proses komunikasi sing bonafit, yen wacana humor ora, lan bisa diarani yen wacana humor diasilake liwat proses kreatif.

Yen prinsip kerjasama, prinsip kesopanan, lan parameter pragmatik ing dhuwur dienut tenanan dening pangripta wacana non-humor, mula sajrone pangriptan wacana humor lan wacana stiker humor sing mesthi prinsip-prinsip kuwi sing sering dilanggati kango nyengkuyung proses kreativitas pangriptane. *Pelanggaran-pelanggaran* sing secara sengaja ditindakake dening para pangripta humor, kalebu pelawak ing kethoprak nduweni *keselarasan* lan *kesejarahan* konsep karo teori humor utamane teori psikologi, sing sasuwени iki digunakake, kaya teori pembebasan, teori pertentangan, lan teori ketidaksejajaran, Soedjatmiko (1991:15).

Aspek pragmatik ing kumpulan basa humor sajroning dagelan digunakake minangka lelandhesane kango njlentrehake basa kalebu basa humor. Humor secara teoretis dumadi saka maneka cara. Ing antarane lumantar penyimpangan aspek pragmatik lan manfaate maneka aspek kebahasaan. Rakhmat (2012:126) ngandharake yen ing golongan filosof dikenal ana telung teori humor. teori superioritas lan degradasi, teori bisosiasi, teori pelepasan inhibisi kang

intine ngandharake humor iku bisa kawujud yen ana kekliruan utawa penyimpangan konsep marang kasunyatan.

### ANDHARAN PANLITEN

Adhedhasar masalah panliten lan tatacara ngolah dhata, panliti merang dhata kanthi analisis kaya ing ngisor iki:

#### 1. Aspek Pragmatik ing Dagelan Kirun Sandirana

Andharan sajrone panliten iki nggunakake prinsip *kerjasama* Grice lan Prinsip *kesopanan* Leech. Kaloro prinsip kasebut minangka punjer anggone nintingi saperangan tuladha basa humor kang ditindakake dening Kirun Sandirana. Panliti merangkake jenenge paraga-paraga kasebut kanthi cekakan supaya luwih gampang anggone nintingi. Cekakan kasebut yaiku (K) kanggo paraga Kirun, (S) kanggo paraga Sandirana. Kaya mangkene kang dadi andharan kang luwih cetha babagan aspek pragmatik sajrone dagelan Kirun lan Sandirana.

##### a. Prinsip Kerjasama Grice

Prinsip kerjasama Grice iki mujudake gegambaran pacaturan antarane paraga cecaturan, mligine kang dadi objek panliten yaiku pacaturan sajrone dagelan. Prinsip kerjasama Grice sajrone tintingan basa humor dagelan Kirun lan Sandirana kasebut bakal kaperang dadi papat, yaiku:

###### 1) Maksim *Kuantitas* (*The Maxim of Quantity*)

Maksim *kuantitas* sajrone basa dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa ditindakake mung saprelune wae lan apa anane ora kurang lan ora luwih. Ateges sajrone nindakake pacelathon, paraga siji lan sijine mung mangsuli apa kan dadi pitakonan paraga liyane mung saprelune. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.

Kirun : emoh isin. Tuwek kok jogedan neng omahe wong. Bok ya isin karo putumu. Bok ya ndang leren, bendina kok noprak wae, ora waleh apa piye?

Sandirana : Jane ya waleh... (LH 1, h 114)

Pethikan kasebut uga padha karo andharan sadurunge, yaiku apa kang diandharake trep karo apa kang diwangsalake. Paraga K menehi pitakonan, banjur paraga S menehi wangsalan

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

mung saprelune wae. Bab kasebut ndadekake swasana utawa kahanan pacaturan katon temen. Mula saka kuwi, tuladhané maksim kuantitas mono ora bakal ndadekake swasanan lucu sajrone pacaturan amarga apa kang diandharake dening paraga kalebu bab kang nyata tur saperlune wae. Antarane panutur lan lawan tutur mung saprelune kang dibutuhake anggone cecaturan.

### 2) Maksim Kualitas (*The Maxim of Quality*)

Maksim *kualitas* sajrone dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa kang ngemu teges bener utawa blaka suta kanthi jujur lan pener. Para peserta tutur cecaturan kang sabenere, ora ditambah ora dikurangi, ora goroh, lan satemene. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Kirun : iki ditimbali Pak H. Nursalim.  
Piyantun kene kiketoke pangling  
karo kowe. Jajal kenalnajenengmu  
sapa.

Sandirana :uwis ngerti nek jenengku ki  
sandirana asli. (LH 5, h 114)

Pethikan cecaturan kasebut nuduhake yen paraga S menehi wangslulan kang trep lan apa anane. Ateges apa kang diandharake dening paraga K cocog karo apa kang diwangsluli dening paraga S. Tuladha kaya mangkono kang diarani maksim *kualitas* utawa tembung liyane kekarone antarane panutur lan lawan tutur nuhoni prinsip kerja sama kualitas.

Sandirana : 35 pokoke  
Kirun : 35 ki apa?  
Sandirana : wedhus (LH 7, h 116)

Kirun : kok isa nesu?

Sandirana : darah tinggi aku (LH 8, h 126)

Pethikan tuladha kasebut nuduhake andharan kang teges. Meh padha karo andharan ing maksim saduruge yen wangslulan kasebut apa anane, nanging bedane manggon ing tembung panyusune. Tembung panyusun ing pethikan tuladha kasebut ngandhut teges blaka suta lan neges banget. Ateges tanpa nambahi lan tanpa ngurangi nuduhake kekarepan sawijine paraga. Pancen angka 35 kuwi nuduhake lambange wedhus ing jagade wong main nomer.

Pethikan kang nuduhake maksim kualitas mujudake andharan kang teges. Andharan kang teges kasebut bisa kalebu lucu yen paraga nuduhake kanthi solah bawa kang luwih.

Amarga andharan kang teges kasebut akeh kang nggunakake swara utawa solah bawa kang narik kawigaten pamirsa. Mula saka kuwi bisa kadudut sawetara yen sajrone tuladha maksim kualitas bisa ngandhut pangrasa lucu sajrone pacaturan ing dagelan menawa dikantheni solah bawane tangan utawa liyane.

### 3) Maksim *Relevansi* (*The Maxim of Relevance*)

Maksim relevansi sajrone dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa kang ditindakake pamicara lan mitra wicara kudu cocog lan gayut utawa sesambungan tumrap wedharane. Ateges ora nyimpang uga ora sakarepe dhewe saka pacaturan. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki. Sandirana : ndagela dhewe ae mas...

Kirun : ayo kene 100 mengko  
Sandirana : Iha jare kene arep dikon omong  
malah ngomongtrus lha omongku  
kapan?

Kirun : lha kowe kesuwen nek ngomong ki  
cag-ceg-cag-ceg. Ngonomalah  
plonga-plongo (LH 9, h 116)

Pethikan tuladha kasebut nuduhake andharan kang gegayutan karo sing ditakokake dening mitra wicara. Andharan saka paraga S nuduhake kekarepan saka paraga K. Saliyane kuwi, andharan paraga S uga nduweni gegayutan karo andharan sadurunge. Mula pathikan kasebut bisa dilebokake sajrone tuladha maksim relevansi. Babagan tuladha sajrone maksim relevansi ora bakal ndadekake lucu amarga andharan kang diandharake gumathok karo bab kang ditakokake lan apa anane kekarone cecaturan tansah sesambungan mligine samubarang kang dirembug.

### 4) Maksim *Pelaksanaan* (*The Maxim of Manner*)

Maksim *pelaksanaansajrone* dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa cecaturan kang cetha, langsung, lan gamblang ora mbulet ora nduweni teges kang mangro. Ateges paraga tindak wicara kang ora bisa nindakake prasaratan kaya mangkono dianggep ora manut tatanan prinsip *pelaksanaan*. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.

Kirun : SMA telung taun.

Sandirana : mung telung taun ae dipamerke. SD  
pirang taun?

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

Kirun : nem taun.

Sandirana : telu karo nem akeh endi?

Kirun : akeh nem. (LH 11, h 118)

Sajrone pethikan kasebut paraga S menehi andharan kang cetha tur gamblang adhedhasar kahanan cecaturan. Mula apa kang diandharake cocog lan trep apa anane ora mbulet. Mung wae sajrone tuladha maksim pelaksanaan kasusun luwih apik lan tumata. Mula saka kuwi tuladha maksim pelaksanaan luwih kasusun saka akeh ukara. Andharan kang cetha tur gamblang pranyata ora bakal gawe pamirsa ngrasa lucu menawa disimpangke. Paraga kang ngandharake katon gumedhe, mula ora bakal ndadekake lucu nanging ndadekake kahanan katon suka parisuka.

### b. Prinsip Kesopanan Leech

Prinsip kesopanan Leech sajrone tintingan basa humor dagelan Kirun lan Sandirana bakal kaperang dadi nem, yaiku:

#### 1) Maksim Kawicaksanan (*tact maxim*)

Maksim kawicaksanasajrone dagelan Kirun Sandirana mujudake raga basa pacaturan kang ngurangi rugine wong liya lan ningkatake bathine wong liya. Ateges mitra wicara rumangsa oleh wangulan caturan kang nglegakake ati utawa padha karo sing dikarepake. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.

Kirun : Mosok? Mosok pitu setengah ki mung ngene iki thok? Ora ana gerakan liya.

Sandirana : gerakan wayang golek ki laki ya mung ngono kuwi. Thang thung thang dhet. (LH 13, h 137)

Pethikan kasebut nuduhake yen paraga S menehi pitakonan marang paraga K. Wangulan saka paraga K mujudake wangulan kang trep tur wicaksana, amarga cetha tur nguntungake tumrap paraga S. Saliyane kuwi, wangulan kuwi uga nuduhake wangulan kang paring kawruh enggal tumrap paraga liya utawa pamirsa kang ndelok. Mula saka kuwi, sajrone maksim kebijaksanaan iki kudu paring andharan uga wangulan kang wigati uga migunani tumrap mitra wicara. Tuladha liya kang bisa ditintingi saka dagelan Kirun lan Sandirana yaiku:

(16) Kirun : wilujeng dalu Mas

Sandirana.

Sandirana : dalu. (LH 16, h 137)

Pethikan kasebut meh padha karo pethikan sadurunge, yaiku mujudake wangulan kang nguntungake tumrap mitra wicara. Ateges wangulan kasebut bisa menehi kawruh uga cocog karo kekarepane paraga S. Babagan pangrasa lucu sajrone tuladha kasebut ora ana, amarga apa kang diandharake dening para paraga nuduhake andharan kang apa anane tanpa nambah utawa ngurangi lan ora nyebal saka prinsip kesopanan kang dadi paugerane wong cecaturan. Mula bisa kadudut yen tuladha sajrone maksim kebijaksanaan ora bakal ndadekake kahanan lucu sajrone cecaturan dagelan.

#### 2) Maksim Kemurahan Hati (*The Generosity Maxim*)

Maksim kemurahan hatisajrone dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa pacaturan kang nyethakake bab solah bawa kang nguntungake wong liya. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Kirun : cara wayang golek ki ya angel.

Sandirana : piye?

Kirun : golek bahane nek nggo wayang model kaya koweki angel. Nek bentuk awak ki gampang, ning nggon sing kene ki lho (mragake lambene Sandirana), leh natah ki piye.

Sandirana : ya ora sah ditatah, diwutuhke glondhongan ngonowae. (LH 18, h 137)

Pethikan kasebut, mliline saka paraga K mujudake wangulan kang becik. Yen dijlimeti maneh nuduhake pangrasa kang beda. Ateges yen ditintingi kanthi luwih pathikan kasebut nuduhake wangulan kang apa anane lan ora diluwih-luwihake. Wangulan kaya mangkono bisa nuduhake yen paraga K pancen wasis, nanging tanpa nuduhake kawasisane kanthi luwih. Bab kang apa anane kasebut ora bakal ndadekake rasa lucu sajrone pacaturan ing dagelan.

#### 3) Maksim Penerimaan (*The Approbation Maxim*)

Maksim penerimaansajrone dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa cecaturan kang kudu nengenake wong liya mliline tumrap untunge pirembungan lan kosok baline kudu maksimalke untunge awake dhewe. Cecaturan iki ngurangi salah bawa kang ora

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

sarujuk karo wong liya lan nuduhake solah bawa kang sarujuk karo wong liya. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.  
Kirun :lha we kesuwen nek ngomong ki cag-ceg-cag-ceg ngono malah plonga-plongo

Sandirana : ora omong aku

Kirun : tenan kowe ora omong? Ora dibayari bosokwe....

Sandirana : omong...omong...omong (karo mencolot)

Kirun : wong nek ora ganep ki ya kaya kowe kuwi lho

Sandirana : ora ganep piye? (LH 21, h 116)

Pethikan kasebut nuduhake rasa pasarujukan saka paraga S marang paraga K. Wangsulan saka paraga S mujudake tetembungan kang sarujuk marang andharan saka paraga K. Wangsulan kasebut sejatine bisa wae kalebu sajrone maksim persetujuan, nanging ing kene luwih nengenake babagan solah bawa saka paraga. Mula saka kuwi, maksim penerimaan nduweni titikan kang onja ing solah bawa paraga kung sarujuk tumrap andharan saka paraga liya.

Babagan solah bawa kung luwih ditengenake bisa ndadekake swasana utawa pangrasa lucu apa maneh yen nyebal saka paugeran prinsip kesopanan. Ateges pacaturan kang lumrah nanging yen diandharake kanthi swara utawa solah bawa kung luwih apa meneh kang digawe-gawe bakal ndadekake pangrasa kang lucu. Mula pethikan tuladha sajrone maksim penerimaan bisa ndadekake lucu apa ora gumantung kepriye solah bawa paraga dagelan anggone nindakake cecaturan kasebut.

### 4) Maksim *Kerendahan Hati* (*The Modesty Maxim*),

Maksim *kerendahan hatisajrone* dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa cecaturan kang punjere manggon ing awake dhewe. Sajrone maksim iki paraga ora oleh gumedhe utawa gedhe endhase. Maksim iki kudu meminimalkan rasa kurmat tumrap dhiri pribadhi. Kaya ing pasrawungan mulane ora kena nggunaake basa utawa cecaturan krama kango awake dhewe. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Kirun : mulane rupamu kaya nomer ya kuwi kok, wong kok apalmen karo tesen.Nguapke apa neng pak Nursalim?

Sandirana : mugi-mugi...

Kirun : putrane pinter lho sing dikitanke kuwi, praupane bagus bapake ya wah...rawuh neng nggonku kae ya grapyak semanak kae.. (LH 25, h 116)

Pethikan kasebut meh padha karo tuladha maksim kemurahan hati, paraga menehi wangsulan apa anane tanpa diluwih-luwihake. Kabeh wangsulan saka paraga K nuduhake wangsulan kang becik, nanging tanpa nuduhake kawasisane tumrap paraga liya. Ateges wangsulan kang apa anane kuwi bisa kalebu sajrone maksim kemurahan hati lan maksim kerendahan hati amarga wangsulan kasebut diandharake tanpa rasa nuduhake kaluwihane, luwih-luwih yen wangsulan kasebut ngandhut kawruh kang migunani tumrap liyan.

### 5) Maksim *Persetujuan* (*The Agreement Maxim*)

Maksim persetujuan sajrone dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa cecaturan kang nuduhake pasarujukan antarane pamicara lan mitra wicara. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Kirun : emoh isin. Tuwek kok jogedan neng omahe wong. Bok ya isin karo putumu. Bok ya ndang leren, ben dina kok noprak wae, ora waleh apa piye?

Sandirana : jane ya waleh ning piye maneh nek aku prei noprak trus sing arep dipangan apa? (LH 28, h 114)

Pethikan wangsulan kasebut nuduhake pasarujukan saka paraga S marang andharan saka paraga K. Pasarujukan kasebut ateges apa kang diandharake dening paraga K trep karo apa kang dikarepake dening paraga S. Tuladha pethikan liyane yaiku :

Kirun : iki ditimbali Pak H. Nursalim. Piyan tun kene ki ketoke pangling karo kowe. Jajal kenalna jenengmu sapa.

Sandirana : uwis ngerti. (LH 30, h 114)

Pethikan tuladha kasebut uga padha karo andharan sadurunge. Wangsulan saka paraga K nuduhake rasa sarujuk tumrap apa kang diandharake dening paraga S. Tuladha kasebut uga ngandhut titikan kang nuduhake surasane maksim persetujuan, yaiku anane tetembungan panyengkuyung kaya dene iya ya, ki lho, betul, lsp. Saliyane kuwi, amarga tuladha kasebut mung nuduhake rasa sarujuk, mula sajrone

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

maksim persetujuan ora bakal ndadekake surasa lucu ing pacaturan dagelan.

### 6) Maksim Kesimpatian (*Sympathy Maxim*)

Maksim kesimpatian sajrone dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa pacaturan kang nuduhake simpati utawa melu ngrasakake apa kang dirasakake dening mitra wicara. Ateges apa kang ditindakake pamicara minangka wujud piwales kang dikarepake dening mitra wicara. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Sandirana : ya neng dhadha, susu kok neng mata ki apa nek mik arep ndhangak?  
Kirun : ya...ya...susu ki nek neng mata ya nutupi melengmu no. susu neng mata ya ndilat, hemmm.... (nyanyi) mangkok... (LH 32, h 115)

Tuladha pethikan kasebut meh padha karo tuladha maksim persetujuan. Bedane manggon ing rasa sajrone tetembungan. Yen maksim persetujuan mung nengenane ing babagan kasarujukan saka paraga, nanging sajrone maksim kesimpatian saliyane nuduhake rasa kasarujukan uga ngrasakake apa kang dikarepake dening mitra wicara. Mula wangsulan paraga K kasebut negesake yen wangsulan kasebut sing dikarepake dening paraga S, luwihi-luwih anane wangsulan panege liya saka paraga S.

#### a) Pelanggaran Prinsip Kerjasama ing Dagelan Kirun lan Sandirana

Sajrone pelanggaran Prinsip Kerjasama iki nuduhake saperangan bab-bab kang ora tinemu nalar uga ora cocog karo titingan basa. Ateges andharan utawa wangsulan sajrone pacaturan kalebu andharan utawa wangsulan kang ora trep. Saliyane kuwi andharan utawa wansulan kasebut beda karo tintingan basa kang dikarepake dening panliti. Perangan sajrone prinsip kerjasama iki uga kaperang dadi papat, yaiku :

##### (a) Pelanggaran Maksim *Kuantitas* (*The Maxim of Quantity*)

Pelanggaran Maksim *kuantitas* sajrone basa dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa kang ditindakake ora saprelune wae lan ora apa anane. Bisa wae sajrone pacaturan dagelan ana sawijining paraga kang mangsuli kanthi luwih. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.

Sandirana : nami kula Sandirana asli, awaku lemu kakehan gisi, aku yen ngamuk bojoku wedi, dirangkul dicandhak trus dimiki.

Kirun : tuwekmu kaya ngono ki jik mik?  
Sandirana : banyu aqua banyu kendhi kok, apa rumangsamu mik...

Kirun : takpikir mik susu (LH 36, h 115)  
Saka pethikan tuladha kasebut mujudake pelanggaran maksim kuantitas amarga apa kang diandharake dening paraga S ora mujudake andharan kang trep. Atages andharane sakarepe dhewe tur ora apa anane, mligine wangsulan saka paraga S. Ora saprelune, mula kabeh cecatutan ing dhuwur karan nyimpangake maksim kuantitas kanggo nggayuh lucu.

Andharan kasebut kalebu pelanggaran maksim kuantitas, nanging bab kang kaya mangkono sinengaja lan kang ndadekake surasa lucu sajrone pacaturan. Wangsulan kaya kuwi diarani wangsulan nyleneh utawa sakarepe dhewe. Mula senajan bab kang diawur kasebut sepele, nanging bisawae mujudake surasa kang lucu banget.

Sandirana : mondhol pesantren?  
Kirun : ora...  
Sandirana : hla nyapo?  
Kirun : ya aku neng kana bakul es. Jenenge neng kana telung taun ki pa ya ra.....  
aku mondhol neng kana.

Alhamdulillah aku isa nyep ilmune para Yai lan Ulama'. (LH 39, h 126)  
Andharan saka paraga I nuduhake wangsulan kang ora saanane nanging bisa mujudake surasa dagelan kang lucu amarga ing pesantren wis samesthine kudu mondhol lan ora dodolan es.

Kirun : bu ini kok belum kurang panasnya?  
Bu suster ngomong, tolong minum banyak. Lah aku ndelalah teka omah, tenyata sing marai ora waras kuwi iki! Bojoku terus tak kongkon budhal tuku banyak sitok ta! Langsung anakku tak lumahna, tak leboke kae.  
Wah... anakku malah mukok2.

Sandirana : kowe kok goblog men ta nyuk munyuk!  
Kirun : piye ta?  
Sandirana : sing dimaksud minum banyak ki minum akeh ngono lho. (LH 40, h 125)

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

Andharan saka paraga K nuduhake andharan ora saanane, ateges ora trep karo kahanan. Bab kasebut ndadekake surasa lucu sajrone pacaturan ing dagelan amarga paraga siji lan sijine eyel-eyelan. Ngombe banyak tegese ngombe kang akeh, nanging paraga K nuduhake kanthi ngombe kewan banyak.

(b) Pelanggaran Maksim *Kualitas* (*The Maxim of Quality*)

Pelanggaran maksim *kualitas* sajrone dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa kang sawalike, yaiku ngemu teges kang ora bener. Andharan saka paraga mujudake andharan kang beda karo kasunyatan. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Sandirana : semang-semang kudu takok

Kirun : plerak-plerok

Sandirana : wong lemu ora isa ndhodhok

Kirun : aja ndhodhok...

Sandirana : bu...

Kirun : aja ndhodhok...

Sandirana : mengko yen ndhodhok dileboni kodhok

Kirun : kowe dituapuki karo ibu-ibu we, ibu-ibu kuwi lemu-lemu isa ndhodhok kok (LH 45, h 115)

Pethikan tuladha kasebut kalebu pelanggaran Maksim *Kualitas*. Bab kasebut amarga paraga K menehi wangsulan kang ora trep karo kasunyatan. Wangsulan kang diandharake dening paraga K ndadekake surasa lucu, amarga senajan ora bener nanging nduweni lelandhesan kang kuwat yaiku yen wong lemu kuwi wis mesthi wae angel ndhodhok. Pelanggaran sajrone maksim *kualitas* kaya kuwi ndadekake surasa lucu yen dirasakake dening para pamirsa sajrone cecaturan dagelan.

(c) Pelanggaran Maksim *Relevansi* (*The Maxim of Relevance*)

Pelanggaran maksim relevansi sajrone dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa kang ditindakake dening pamicara lan mitra wicara kang ora cocog tumrap wedharane. Mula sing diomongake ora cocog karo ding dikarepake sajrone pacaturan. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Sandirana : aku mau mangan iwak tak sisahsisihke ki tak nggo bome buri, lha barang takpangan kok laos.

Kirun : ya kok ulu? (LH 57, h 114)

Sandirana : ya tak ulu lha wong ususku panunen kok.

Kirun : jane takgawakna welirang pisan ben ndang mari. (LH 58, h 114)

Saka pethikan tuladha kasebut nuduhake yen kalebu pelanggaran maksim relevansi amarga nuduhake wangsulan kang ora cocog karo kakarepan. Ateges pitakonan saka paraga K ora cocog karo wangsanlan saka paraga S. Ora ana critane wong kok ngulu laos lan ngobati lelara kulit kok ditambani sarana ngombe welirang. Mula tuladha kasebut bisa diarani nyimpangake maksim relevansi.

Senajan kalebu pelanggaran maksim relevansi, nanging tuladha kasebut bisa ndadekake surasa kang lucu sajrone pacaturan. Bab-bab kaya mengkono pancen digawe supaya antuk lucu. Sanajan para paraga ora mesti mangerteni yen kanti nggunaake cara mengono kuwi diarani nyimpangake maksim pragmatik. Surasa lucu dikasilake saka wangsanlan kang sakarepe dhewe tur ora tinemu nalar. Bab kaya kuwi ndadekake pamirsa nganggep lucu lan ngguyu nalika ngrungokake cecaturan sajrone dagelan.

(d) Pelanggaran Maksim *Pelaksanaan* (*The Maxim of Manner*)

Pelanggaran maksim *pelaksanaan* sajrone dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa pacaturan kang sawalike, yaiku ora cetha, ora langsung, lan ora gamblang. Paraga tindak wicara ora bisa nindakake miturut tata aturan kang trep bisa diarani pelanggaran maksim pelaksanaan. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Sandirana : kathokmu suwek kenthangmu metu...

Kirun : lha kuwi kenthangmu ora dijait apa piye?

Sandirana : kok kenthang ora dijait piye ta?

Kirun : sing bener ki ya sawayah-wayah kathokmu suwek panenane kenthang metu kenek nggo tuku kathok.

Sandirana : lha ya sirku ya arep ngono. Samangsa-mangsa kathokmu suwek kenthangmu metu. Hadhuh... pancen omongan Jawa ki angel ya mas ya... (LH 70, h 120)

Pethikan tuladha kasebut kalebu pelanggaran maksim pelaksanaan amarga wangsanlan saka paraga K pranyata ora trep

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

utawa bener yen tinemu nalar. Saliyane kuwi, andharan saka paraga K uga sakarepe dhewe. Tetembungan sing digunakake uga ora cetha, ateges dawa nanging ora mentes. Ora ana critane wong rerupan manis kok amargo disoki gula pasir. Isih akeh maneh bab-bab nyimpangake maksim cara lan pelaksanaan kanti cara gawe singkatan-singkatan kang wis mesti wae bisa gawe lucune dagelan.

Pelanggaran maksim pelaksanaan sejatine uga ndadekake surasa lucu kanggo pamirsa. Cecaturan kang dawa ora mboseni tur kapungkasan kanthi andharan kang ora tinemu nalar. Bab-bab kaya kuwi kang ndadekakae basa dagelan unik lan nduweni pangrasa kang beda yen dirasakake luwih onja

### b) Pelanggaran Prinsip Kesopanan ing Dagelan Kirun lan Sandirana

Pelanggaran Prinsip Kesopanan nuduhake saperangan bab-bab kang ora cocog karo tintingan basa kang dikarepake panliti. Perangan pelanggarane kasebut uga adhedhasar prinsip kesopanan Leech sing cacahe enim, yaiku:

#### a) Pelanggaran Maksim *Kebijaksanaan (tact maxim)*

Pelanggaran maksim *kebijaksanaan* sajrone dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa cecaturan kang luwih ngrugekake wong liya. Bab kasebut beda karo prinsip maksim kebijaksanaan kang luwih nengenake bathine wong liya. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.

Kirun : pacarmu anteng

Sandirana : pancene gendheng

Kirun : yen adus peteng

Sandirana : mesthi tak inceng

Kirun : bareng weruh

Sandirana : terus ngalih....

Kirun : kok ora penakmen ta... pacarmu anteng

Sandirana : pancene gendheng

Kirun : yen adus peteng

Sandirana : mesthi tak inceng

Kirun : bareng weruh (LH 81, h 115)

Pethikan tuladha kasebut nuduhake pelanggaran maksimkawicaksanan, amarga wangsanan saka paraga K ora nyenengake nanging malah gawe gatel ati. Pethikan tuladha kasebut uga padha anggone ngandhut surasa ora nyenengake kanggo mitra wicara. Andharan

saka paraga S sing dikarepake temenan, pranyata mung bujukan. Bab kasebut ndadekake kuciwa paraga K minangka mitra wicara.

Pelanggaran kang ngrugekake paraga liya kasebut kasunyatane jebul ngandhut surasa kang lucu. Sengsarane mitra wicara ndadekake pamirsa bungah. Saliyane kuwi, paraga kang dirugekake sajrone cecaturan akeh-akehe ora bisa mangsuli maneh apa kang dadi pirembukan kasebut, kejaba paraga kasebut nduweni kaluwihan sajrone olah basa. Bab-bab kaya kuwi mung bisa ditemokake sajrone basa dagelan.

Titikane maksim kebijaksanaan yaiku nyithikake rugine wong liya ngakehake untunge wong liya, nanging ing andharan kasebut malah sewalike, sing kudune paraga K gelem mangsuli pitakonane paraga S, nanging dening paraga K malah digawe nggrambyang. Saka andharan kasebut bisa dimangertené yen ana penyimpangan maksim kebijaksanaan kang dilakoni dening paraga K, yaiku ngrugekake paraga S.

#### b) Pelanggaran Maksim *Kemurahan Hati (The Generosity Maxim)*

Pelanggaran maksim *kemurahan hati* sajrone dagelan Kirun Sandirana mujudake ragam basa pacaturan kang nuduhake solah bawa kang ngrugekake wongliya. Ateges apa kang ditindakake dening paraga krasa ngrugekake mitra wicara. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.

Sandirana : alah...alah...SMU ae pamer.

Kirun : aku SMP sik kok bar SMP trus neruske SMU.

Sandirana : alah ngono ae kok pamer.

Kirun : lha kowe apa?

Sandirana : SD no.. (LH 84, h 118)

Pethikan tuladha kasebut kalebu pelanggaran maksim kemurahan hati, amarga andharan saka paraga K karasa ngrugekake paraga S. Paraga S kang niyate apik arepe nampa babagan sekolah lan sapiturute, pungkasane malah mung digawe rugi. Nanging andharan kaya mangkono ndadekake surasa lucu tumrap pacaturan. Bab iki nuduhake yen pelanggaran maksim kemurahan hati bisa nuwuake surasa lucu kanggo cecaturan ing dagelan.

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

- c) Pelanggaran Maksim *Kerendahan Hati* (*The Modesty Maxim*),

Pelanggaran maksim *kerendahan hati* sajrone dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa pacaturan nuduhake sawijine watak paraga kang gumedhe uga sakarepe dhewe. Lan kosok baline nyilikake rasa urmat awake dhewe. Mula yen diwolak-walik ateges nyimpangake maksim kerendahan ati. Kuwi mau kabeh dilakoni kanti sengaja kanggo nggayuh dagelan kang lucu. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.

Kirun : lha kowe nandur apa?

Sandirana : masiya sawahku amba ya saiki ora taktanduri pari.

Kirun : lha kok ora koktanduri pari?

Sandirana : seneni bojoku.

Kirun : merga akeh wereng?

Sandirana : merga akeh wereng!

Kirun : akeh hama.

Sandirana : rebuke larang.

Kirun : mengko nek panen sok-sok gabahe regane mudhun.

Sandirana : iya..

Kirun : lha koktanduri apa sawahmu?

Sandirana : tanduri kenthang.

Kirun : sing ngakon sapa?

Sandirana : bojoku.

Kirun : bojomu ngomong apa?

Sandirana : ngene, mas mengko sawahe ora sah ditanduri pari, ditanduri kenthang, lha ngapa kok ditandurikenthang ta, dhik? Ngene lho mas, nek ditanduri kenthang eeeh,,samangsa-mangsa kathokmusuwek kenthange metu, lhakuwi.....

Kirun : sik ta, aku kok bingung ta kuwi. Tanduri pari bathine sithik.

Sandirana : ora entuk tanduri pari.

Kirun : melok Tawangmangu Sarangan tanduri kenthang. Samangsa-mangsa.... (LH 97, h 119)

Pethikan tuladha kasebut kalebu pelanggaran maksim kerendahan hati, amarga cecaturan kang ditindakake surasa ngurmati awake dhewe. Paraga K menehi pitakongan banjur diwangsuli dening paraga S, nanging amarga wangsulan ora trep paraga K krasa luwih pinter lan menehi wangsulan kang ngece utawa ngandhapake paraga S. Tetembungan sing digunakake paraga K yen ditintingi kanthi

luwih bisa mujudake tetembungan wong kang gumedhe.

- d) Pelanggaran Maksim *Persetujuan* (*The Agreement Maxim*)

Pelanggaran maksim persetujuan sajrone dagelan Kirun lan Sandirana mujudake raga basa pacaturan kang nuduhake rasa ora pasarujukane antarane pamicara lan mitra dicara. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun lan Sandirana iki.

Sandirana : sindhene 35 wae. Potong 15

Kirun : bature nyambut gawe padha kedabikan malah ndhoprok ae kitsore kok.

Sandirana : 35 pokoke

Kirun : 35 ki apa?

Sandirana : wedhus

Kirun : lha nek 32?

Sandirana : ya ula. Iki mau metune jaran mas..12

Kirun : mulane rupamu kaya nomer ya kuwi kok, wong kok apalmen karo tesen. Ngucapke apa neng pak Nursalim?

Sandirana : mugi-mugi...

Kirun : putrane pinter lho sing dikitanke kuwi, praupane bagus bapake ya wah....rawuh neng nggonku kae ya grapyak semanak kae..

Sandirana : aaa.....(mangap ora sida ngomong)

Kirun : rawone iwake gedhe-gedhe. Jeruke ya seger-seger

Sandirana : ndagela dhewe ae mas...

Kirun : ayo kene 100 mengko

Sandirana : lha jare kene arep dikon omong malah ngomong trus lha omongku kapan?

Kirun : lha we kesuwen nek ngomong ki cag-ceg-cag-ceg ngono malah plonga-plongo (LH 107, h 116)

Pathikan tuladha kasebut kalebu sajrone pelanggaran maksim persetujuan amarga nuduhake ora sarujeke paraga K tumrap andharan saka paraga S. Bab kaya kuwi nuduhake yen sajrone cecaturan paraga siji lan sijine padha ngeyele kanthi dhasar kang beda-beda. Kahanan kaya kuwi nduwensi surasa lucu kang dirasakake dening pamirsa. Bab kasebut kedaden amarga para paraga nuduhake andharane kanthi solah bawa uga swara kang becik.

## ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

- e) Pelanggaran Maksim *Kesimpatian* 2. Muga bisa ana kang nerusake panliten  
(*Sympathy Maxim*)  
Pelanggaran maksim kesimpatian sajrone 3. kang isih akeh kekurangane iki.  
dagelan Kirun lan Sandirana mujudake ragam basa pacaturan kang ora nuduhake simpati. Ateges sawijiing paraga ora ngurus apa kang dirasakake dening mitra wicara. Kaya dene pethikan saka dagelan Kirun Sandirana iki.
- Kirun : sugeng rawuh bapak-bapak TNI, tentara mangga katuran pinarak.  
Ngasta pistul boten, Pak?
- Sandirana : lho ngapa?
- Kirun : nggo mbedhil ndhasmu kuwi lho.(LH 117, h 118)
- Pethikan tuladha kasebut kalebu pelanggaran maksim kesimpatian amarga wangsanan utawa solah bawa saka paraga K ora cocog karo kepenginane paraga S. Paraga S ora pengin yen digandheng-gandheng karo paraga K. Senajan paraga K mung nuduhake apa kang dadi kepenginane, nanging yen mitra wicara ora gelem bisa wae kalebu pelanggaran kasimpatian.

### PANUTUP

#### Dudutan

1. Aspek pragmatik kang kagunakake ing dagelan Kirun lan Sandirana yaiku maksim kerjasama ing antarane yaiku maksim kerjasama kualitas, kuantitas, relevansi, lan maksim cara/pelaksanaan.
2. Aspek pragmatik liyane kang kagunakake ing dagelan Kirun lan Sandirana uga yaiku maksim kesopanan ing antarane yaiku maksim kawicaksanan/kebijaksanaan, penerimaan, kemurahan, kerendahan ati, kecocogan, lan maksim kesimpatian.
3. Para pelawak mligine Kirun lan Sandirana rata-rata padha nggayuh bab kang lucu lan bisa gawe wong liya ngguyu kanti cara nyimpangake kalorone maksim mau. Kadhang uga kanthi solah bawane lan kinesike kalorone pelawak wis bisa gawe ngguyu wong liya.

#### Pamrayoga

1. Luwih akeh titingan basa kang nliti babagan ragam basa ing dagelan supaya bisa ndudut saperangan andharan basa dagelan.

# ASPEK PRAGMATIK BASA DAGELAN

## KAPUSTAKAN

- Alwasilah, A. Chaedar. 1985. *Beberapa Madhap dan Dikotomi Teori Linguistik*. Bandung: Angkasa
- Alwasilah, A. Chaedar. 1993. *Pengantar Sosiologi Bahasa*. Bandung: Angkasa
- Chaer, Leoni Agustina. 1995. *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Chaer, Abdul, Leonie Agustina. 2004. *Sosiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta: PT Rineka Cipta
- Hartuti. 2002. *Ragam Bahasa Lawak Dalam Aneka Ria Srimulat di TV Indosiar*. Skripsi: Pendidikan Bahasa Indonesia
- Keraf, Gorrys. 1997. *Komposisi*. Jakarta: Nusa Indah.
- Keraf, Gorys. 1994. *Komposisi Sebuah Pengantar Kemahiran Bahasa*. Flores: Nusa Indah
- Leech, Geoffrey. Oka, M.D (penerjemah). 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Universitas Indonesia.
- Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa Tahapan Strategi, Metode, dan Tekniknya*. Jakarta : PT. Remaja Raja Grafindo Persada.
- Nababan, P.W.J. 1987. *Ilmu Pragmatik*. Jakarta: Departemen Pendidikan Dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Proyek Pengembangan Lembaga Pendidikan Tenaga Kependidikan.
- Nababan, P. W. J. 1993. *Sosiolinguistik: Sebuah Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama
- Pateda, Mansyur. 1990. *Sosiolinguistik*. Bandung: Angkasa
- Poedjosoedarma, Soepomo. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawa*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Depdikbud
- Poedjosoedarma. 2001. *Filsafat Bahasa*. Surakarta: Mhammadiyah University Press.
- Rahardi, R. Kunjana. 2005. *Pragmatik Kesantunan Imperatif Bahasa Indonesia*. Jakarta: Erlangga.
- Rakhmat, Jalaluddin. 2012. *Retorika Modern Pendekatan Praktis*. Bandung: PT. Remaja Roasdakarya
- Rani, Abdul, Dkk. 2006. *Analisis Wacana Sebuah Kajian Bahasa dan Pemakaian*. Malang: Bayu Madia Publising.
- Samsuri. 1994. *Analisis Bahasa: Memahami Bahasa Secara Ilmiah*. Jakarta: Erlangga
- Santoso, Joko. 2006. *Wujud Bahasa Humor Ludruk Mustika Jaya dalam Lakon Pengemis Palsu*. PBD UNESA: Skripsi tidak diterbitkan.
- Sudaryanto. 1992. *Metode Linguistik Bagian Kedua Metode dan Teknik Pengumpulan Dhata*. Yogyakarta: Gajah Mada Unipres
- Sumarsono. 2004. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta: Sabda
- Soeparno. 2003. *Dasar-Dasar Linguistik*. Yogyakarta: Mitra Gama Widya
- Wijana, I Dewa Putu. 1996. *Dasar-dasar Pragmatik*. Yogyakarta: Andi Offset.